# ХЬИСЭ И ХЪЫБАР ІУЩХЭР



ТХЫГЪЭ ЛЪАПІЭР ЗЭДЗЭКІЫНЫМКІЭ ИНСТИТУТЫР

МЭЗКУУ, 2019

# Хьисэ и хъыбар Іущхэр

*Сурэтхэр зыщІар С.М. Хакуз*

*БзэмкІэ редактор А.С. Къумахуэ*

Тхыгъэ ЛъапІэм щыщу адыгэбзэкІэ зэрадзэкІа тхылъхэм я е-жыпхъэхэмрэ аудиощапхъэхэмрэ фэ къыщывгъуэтыфынущ Тхыгъэ ЛъапІэр зэдзэкІынымкІэ Институтым и сайтым http://ibtrussia.org/en/media?id=KBD

ISBN 978-5-93943-265-8

© Институт перевода Библии, 2019

## *ЩIэджыкIакIуэ лъапIэ!*

*Мы тхылъыр сыт хуэдэ ныбжьми ит цIыхум дежкIэ акъылым къигъэщI хъугъуэфIыгъуэхэм я хъумапIэщ.*

*Мыбы къивджыкIыну хъыбар Iущхэр дунеишхуэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм бзэ зэмыщхьхэмкIэ куэдрэ щаIуэташ. Абыхэм еджэ нобэрей цIыхум зыхещIэ илъэс минитI ипэкIэ Палестинэм щыпсэуахэм япкърилъхьэу щыта гурыщIэ лъэщхэм хуэдэ дыдэ. Хъыбар Iущхэм цIыхур ирагъэгупсыс: сыт си гъащIэм щынэхъыщхьэ дыдэр? Мылъкум, къулыкъум, диным пыщIа дауэдапщэхэмрэ хабзэхэмрэ пщIэ лей хуэщIыным къыхуезыджэ хъыбархэм хуэмыдэу, мы тхылъым ит ущиехэм дэтхэнэ цIыхури ягъэин, ар зыгуэрхэм зрамыпэс, Iумпэм ящIхэм щыщми.*

*Мы хъыбар Iущхэр къэзыIуэтар Хьисэ Мэсихьщ, икIи ахэр япэ лIэщIыгъуэм дохутыру щыта, Хьисэ*

*Мэсихь и телъхьэ Лукас итхыжа Инджылым итщ. А тхылъыр, зэрыщыту адыгэбзэм хуэгъэкIуауэ, Тхыгъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ Институтым 2009 гъэм къыдигъэкIат.*

*Мы уэ иджыпсту пIэщIэлъ тхылъ хьэлэмэтым ихуа хъыбар IущиплIыр псалъэ къудейкIэ мыхъуу, сурэткIи къэIуэтащ. Дыщогугъ тхылъым адыгэ лъэпкъым деж хуэфащэ гулъытэ щигъуэтыну. Тхыгъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ Институтым фIыщIэ хуещI тхылъыр гъэхьэзырыным елэжьахэм – зэдзэкIакIуэхэм, редакторым, сурэтыщIым.*

*Тхыгъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ Институтыр*

# Къуэ щхьэрыуам теухуа хъыбар

*(Лукас 15:11-32)*

*Палестинэм и дин унафэщIхэм Хьисэ ягъэкъуаншэрт Тхьэр зымыгъэпэж, Тхьэм деж нэмысын зылэжь цIыхухэм зэман зэрадигъакIуэм папщIэ. Абы и жэуапу Хьисэ къиIуэтащ адэ телъыджэмрэ абы и къуэ щхьэзыфIэфIымрэ теухуа хъыбар. Мы хъыбарым къыхэщ адэм урегъэгупсыс зи гущIэгъур ин Тхьэм. Абы и къуэ нэхъыщIэ щхьэзыфIэфIыр цIыху гуэныхьлым и щапхъэщ, къуэ нэхъыжьыр диным тету псэу цIыху пагэщ.*



ЛIы гуэрым къуитI иIэт. НэхъыщIэм адэм мыпхуэдэу жриIащ: «Ди адэ, уи щIэиным щыщу къыслъысын хуейр къызэт». Апхуэдэу щыхъум, адэм мылъкур зэшхэм яхуигуэшащ.



Махуэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу, къуэ нэхъыщIэр, къылъысар зэщIикъуэри, щIыпIэ жыжьэ гуэрым кIуащ.





Абы здэщыIэм, мыхъумыщIэ псэукIэм зритри, и мылъкур Iисраф ищIащ. Зыри къуэмылъыжу къэнауэ а щIыпIэм гъаблэшхуэ къыщыхъури, къулейсыз дыдэ хъуащ. IэмалыншапIэ ихуати, щIалэр а щIыпIэм щыщ лIы гуэрым деж кIуэри, хуэлIыщIэну гурыIуащ. ЛIым ар

кхъуахъуэу къищтэри, и кхъуэ хъушэр зэрыт губгъуэм игъэкIуащ. Кхъуэм ирагъэшх Iусым ехъуапсэ хъуат щIалэр, ауэ ари зыми къритыртэкъым.

ЩIалэр зыщIэгупсысыжри, мыпхуэдэу жиIащ: «Си адэм сыт хуэдиз лIыщIэ иIэми, псоми я







ныбэ изщ, сэ мыбы шхынщIэлIэу сыщолIэ. Си адэм деж сыкIуэжынщи, мыпхуэдэу жесIэнщ: „Си адэ, Тхьэми уэри сынывэкъуэншэкIащ, сыуикъуэу жысIэнуи схуэфащэкъым, лIыщIэу сыкъащтэ“». Ар жиIэри, занщIэуи и адэм деж кIуэжыну ежьащ.

Адэм и къуэр къэкIуэжу жыжьэу щилъагъум, и гур щIэузащ, итIанэ пежажьэщ, зридзри, IэплIэ, ба хуищIащ.



ЩӀалэм и адэм жриӀащ: «Си адэ, Тхьэми уэри сынывэкъуэншэкӀащ, сыуикъуэу жысӀэнуи схуэфащэкъым».
Ауэ адэм унэӀутхэм мыпхуэдэу яжреӀэ: «Щыгъын нэхъыфӀ дыдэр псынщӀэу къыхущӀэфхи, къыщыфтӀагъэ, и Ӏэм Ӏэлъын Ӏэрыфлъхьэ, и лъакъуэми вакъэ лъыфтӀагъэ.

Танэ гъэшха къыщIэфши, фIэвгъэж, дыгуфIэнщ, танэр тшхынщ. Си къуэр лIати къэхъужащ, кIуэдати къэдгъуэтыжащ!» Арати, гуфIэгъуэр яублащ.



Адэм и щIалэ нэхъыжьыр губгъуэм щыIэт абы щыгъуэ. КъыщыкIуэжым, унэм къэблэгъажауэ, макъамэрэ Iэгуауэ макърэ пщIантIэм къыдэIукIыу зэхихащ. Щызэхихым, унэIутхэм ящыщ зы ириджэри, гуфIэгъуэр къыщIаIэтам





и щхьэусыгъуэм щIэупщIащ. «Уи къуэшыр къекIуэлIэжащ, – жиIащ унэIутым. – Уи адэм ар псэууэ, узыншэу къызэрыIэрыхьэжам щхьэкIэ танэ гъэшха фIыдигъэгъэжащ».

Къуэ нэхъыжьым ар щызэхихым, къэгубжьри, дыхьэжын идакъым. Ауэ адэр къыдэкIри, къеубзэу къелъэIуащ: «Ныдыхьэж, си къуэ». Къуэ нэхъыжьым игу къеуар адэм жриIащ: «Сэ илъэс дапщэ хъуауэ сыпхуэлажьэми, зэи уи унафэ сыщIэкIакъым. ИтIани си ныбжьэгъухэм сэрэ ди нэгу зедгъэужьыну зы чыцI уигу пыкIакъым. Ауэ уи мылъкур куэпэчхэм ятезыгъэкIуэда уи къуэр къекIуэлIэжати, танэ гъэшха хуэбукIащ».
Абы и жэуапу адэм мыпхуэдэу жиIащ: «Си щIалэ! Уэ сыт щыгъуи узигъусэщ, сиIэ псори ууейщ. Дымынэщхъейуэ дынэщхъыфIэн, дыгуфIэн хуейт иджыпсту, уи къуэшыр лIати, къэхъужащ, кIуэдати, къэдгъуэтыжащ».



# ГущIэгъу зыхэлъ хамэм теухуа хъыбар

*(Лукас 10:30-35)*

*Палестинэм лъэпкъ зэхуэмыдэхэр щыпсэурт. Абыхэм щыщу журтхэмрэ сэмэрейхэмрэ динкIи хабзэкIи зэтехуэртэкъым, зэхыхьэ-зэхэкIыу щыттэкъым, зым адрейр и бийуэ къилъытэрт. Сэмэрейхэри журтхэри ирипагэрт я Iыхьлыхэм, лъэпкъэгъухэм зэрахуэфIым, я щхьэм хуэдабзэу ахэми зэрахущытым. Абы къыхэкIауэ Хьисэ хъыбар къиIуэташ. Ар зытеухуар щытыкIэ гугъум ихуа журтым, щымыгугъыхауэ, сэмэрейр къызэрыдэIэпыкъуарат. Хъыбарым къыхэщт фIыуэ плъагъухэм уахуэфIкIэ, уи къалэныр нэсу гъэзэщIа зэрымыхъур, фIыгелажьэр сыт хуэдэ цIыхуми и щхьэм хуэдабзэу хущытын зэрыхуейр.*



ЛIы гуэр Ерусэлим икIауэ Ерихъуэ здэкIуэм, хъунщIакIуэхэм яIэщIэхуащ. Абыхэм ар яупцIэнщ, удын ирадзри, гъуэгум някъуэлIэу къытранащ.



Асыхьэтым дингъуазэ гуэр абыкIэ блэкIын хуей хъуащ. Гъуэгум телъ лIыр щилъагъум, гъуэгубгъум зритри къыпикIухьащ.

Лэуий къытехъукIа дин лэжьакIуэ гуэри а щIыпIэм нэсу мо уIэгъэр щилъагъум, япэрейм ещхьу, гъуэгубгъу зищIри блэкIащ.



Ауэ Сэмэрейм щыщ лIы гъуэгурыкIуэр къэсу лей зылъысар къыщилъагъум, фIэпсэкIуэд хъуащ.





Ар абы бгъэдыхьэщ, и уIэгъэхэр санэкIэ хуитхьэщIщ, дагъэ хущихуэри, хуипхэжащ.



ТхьэмыщкIэр и шыдым тригъэгъуалъхьэщ, хьэщIэщ гуэрым ишэри, нэхъ тэрэзу зыхуей хуигъэзащ.



ЕтIуанэ махуэм дыжьын ахъшэ жьгъеитI кърихщ, хьэщIэщыр зейм иритри, жриIащ:



«Мы лIым кIэлъыплъ, уэстам нэхърэ нэхъыбэ тебгъэкIуадэмэ, къэзгъэзэжмэ уэстыжынщ».

# Ефэ-ешхэшхуэм теухуа хъыбар

*(Лукас 14:16-24)*

*Ефэ-ешхэм урагъэблэгъэныр щIыхь ямылейщ. Ауэ ирагъэблэгъахэм къахокI абы мыкIуэн папщIэ щхьэусыгъуэ къэзыгъуэт. Зэгуэрым, Хьисэ ефэ-ешхэм къэкIуауэ, хьэщIэхэм ящыщ зым жиIащ: «И насыпщ Тхьэм и тепщэныгъэр щызэщIэлъыса зэманым ерыскъы Iэнэм бгъэдэсыну цIыхум». Абы и жэуапу Хьисэ хъыбар къиIуэтащ. А хъыбарым зэригъапщэт Тхьэм и жьауэм щIэувэну къыхураджэмрэ ефэ-ешхэшхуэм ирагъэблагъэмрэ. Ирагъэблагъэр куэд мэхъу, ауэ абы хэтынур дэ ди гугъэ дыдэхэр армырауэ къыщIэкIынри хэлъщ.*



ЛIы гуэрым Iэнэшхуэ къигъэуври, цIыху куэдым еджащ. ТIысыгъуэр къыщысым, зэджахэм я деж и унэIутыр игъакIуэри, Iэнэр зэрыхьэзырымкIэ хъыбар яригъэщIащ.



Ауэ, зэгурыIуа нэхъей, псори къелъэIужт къызэрыхуемыблэгъэфым щхьэкIэ губгъэн яхуимыщIыну. Зым мыпхуэдэу къиIуэхуащ:

«Сэ щIы Iыхьэ къэсщэхуащи, сыкIуэу семыплъу хъунукъым, кхъыIэ, губгъэн къысхуумыщI». Адрейри къелъэIуащ: «ТанипщI къэсщэхуащи, я щытыкIэм сеплъыну сокIуэ, кхъыIэ, емыкIу къысхуумыщI».





Ещанэми жиIащ: «Фыз къэсшащи, сынэкIуэфынукъым».



Арати, унэIутым къигъэзэжри, къыжраIар и тхьэмадэм хуиIуэтэжащ.

ЛIыр къэзыгъэщIэхъуахэм щхьа къэгубжьри, унэIутым жриIащ: «Къалэм и уэрамышхуи уэрам зэви псынщIэу ирикIуи, факъырэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, нэфхэр, щIакъуэхэр си унэ





къишэ». УнэIутыр къэкIуэжри, и тхьэмадэм жриIащ: «Зи щIыхьыр ин, уи унафэр згъэзэщIащ, ауэ иджыри тIысыпIэ нэщI Iэнэм иIэщ».

Арати тхьэмадэм жеIэ: «Къалэм дэкIи, губгъуэ гъуэгухэм техьэ, бжыхь лъабжьэхэр щIэщыкI икIи къыпхуэзэу хъуар си деж къэкIуэну къытегъэхьэ, си унэм цIыхур щIэз хъун щхьэкIэ. НывжызоIэ, хъыбар зэзгъащIэу къэмыкIуахэм щыщу зыри си Iэнэ къэтIысынукъым».



# ДинщIэкъумрэ гуэныхьлымрэ теухуа хъыбар

*(Лукас 18:10-14)*

*Фарисейхэр хуабжьу динщIэкъуу зызылъытэж цIыхут. Мусэ бегъымбарым и хабзэхэм щыщу Тхьэм и тхылъ лъапIэхэм итыр ягъэзэщIэну, махуэм зыбжанэрэ тхьэ елъэIуну, факъырэIус ятыну, адрей хабзэ хъуа псоми тетыну хущIэкъухэрт. Тхьэм и пащхьэ я напэр зэрыщыхужьымкIэ зы шэч яIэтэкъым. Ауэ зэрыхьэрэмышхым, езыхэм я бийм зэрыхуэлажьэм къыхэкIыу, тезыр ахъшэ хэзыххэм зыми пщIэ хуащIыртэкъым, зи напэ хужьхэми хабжэртэкъым. Зэгуэрым Хьисэ жиIащ хъыбар, фарисеймрэ тезыр ахъшэ хэзыхымрэ зэгъусэу тхьэ зэрелъэIуам теухуауэ.*



Тхьэ елъэIуну Тхьэм и Унэм цIыхуитI щIыхьат. Зыр фарисейт, адрейр тезыр ахъшэ хэзыххэм ящыщт.



Фарисейр мыпхуэдэу жиIэу уващ: «Ди Тхьэ, хъунщIакIуэхэм, бзаджащIэхэм, зинэ зыщIэхэм, е мыбдежым щыт тезыр ахъшэ хэзыхым сызэремыщхьым щхьэкIэ фIыщIэ пхузощI. Тхьэмахуэм кърихубыдэу тIэунейрэ нэщI сIыгъщ, къысхэхъуэу хъуам щыщу Iыхьэ пщIанэр уи Унэм къызохь».

Тезыр ахъшэ хэзыхыр нэхъ пыIукIуэтауэ и бгъэгум иуэжу щытт, и нэр къиIэту уафэм дэплъеин темыгушхуэу. Ар мыпхуэдэут тхьэ зэрелъэIур: «Ди Тхьэ, сыгуэныхьлыщ, гущIэгъу къысхуэщI».



НывжызоIэ, фарисейракъым Тхьэм игъэхеижауэ и Унэм къыщIэкIыжар, атIэ тезыр ахъшэ хэзыхыращ. Сыту жыпIэмэ зызыгъэлъагэм и пщIэр ехуэхынущ, зызыгъэлъахъшэм и пщIэр Тхьэм иIэтынущ.

